



Sèvis Relasyon Kominote pou Depatman Jistis Etazini

## Travay ak Lapolis & Kominote yo Pou Amelyore Patenarya yo ak Tèt Ansanm

Sèvis Relasyon Kominote Depatman Jistis Etazini a (CRS) ofri sèvis bay ajans lapolis federal, eta, ak lokal ki ede kominote yo rezoud konfli. Atravè fasilite dyalòg, medyasyon, konsiltasyon, ak fòmasyon, sèvis CRS yo ede bati konfyans ak amelyore patenarya ant lapolis ak kominote yo sèvi yo. Patenarya sa yo ede fasilite rezoud pwoblèm ak amelyore kominikasyon, ki diminye tansyon yo, klarifye malantandi yo, ak amelyore kapasite kominote lokal yo pou rezoud konfli nan lavni.

### CRS travay ak lapolis ▼

**Amelyore Patenarya  
yo ak kominikasyon** ant  
lapolis ak divès kominote  
yo atravè dyalòg ak  
rezoud pwoblèm

**Medyasyon konfli  
ak tansyon nan  
kominote a** aprè  
ensidan kontwovèsyal,  
ki gen ladan desizyon  
pouswit jidisyè  
oswa vèdik

**Ede òganizatè yo  
kenbe aktivite  
piblik yo an  
sekirite** atravè  
planiifikasyon  
enprevi ak  
fòmasyon marshal  
pou aktivite

**Amelyore  
sansibilizasyon  
kominote asou lwa  
krim rayisab,  
prevansyon,  
ak repons**

**Amelyore  
sansibilizasyon  
lapolis sou koutim yo  
ak pratik yo  
nan divès  
kominote yo sèvi yo**

### Pwogram ak Sèvis yo ▼

#### Ranfòse Patenarya yo nan Lapolis & Kominote a (SPCP)

CRS ofri yon pwogram pou  
tout jounen an ki reyini  
ansanm lidè yo nan lapolis ak  
nan kominote a pou adrese  
pwoblèm nan kominote a ak  
amelyore patenarya yo nan  
lapolis-kominote

SPCP fèt pou ede  
kominote yo ogmante  
kapasite lokal yo epi  
develope solisyon lokal yo  
pou pwoblèm lokal yo.

#### Medyasyon ak Fasilite Dyalòg

Nan repons a ensidan  
kontwovèsyal yo oswa  
mefyans kontinyèl ki kreye  
tansyon yo nan kominote a (ki  
gen ladan ofisye ki enplike  
nan fiziyad oswa desizyon  
pwosekitoryal oswa vèdik yo),  
CRS bay medyasyon ak  
fasilite sèvis dyalòg pou  
lapolis ak moun yo ki gen  
enterè nan kominote a pou  
ede diminye tansyon,  
ogmante pataj enfòmasyon,  
ak develope akò yo ant pati yo.

#### Fòmasyon sou Sipò pou Sekirite Aktivite Piblik yo

CRS ofri planifikasyon  
enprevi ak fòmasyon  
marshal pou aktivite



Sanford, Chèf Lapolis Florida Cecil Smith (agòch) ak Majistra Jeff Triplett (sant) patisipe nan yon reyinyon lapriye nan kominote a nan 2013 aprè vèdik Trayvon Martin la. CRS te travay ak lapolis, biwo majistra a, ak lidè lafwa yo nan Sanford pou diminye konfli ak tansyon ki soti nan ka a.

(Kredi foto: Scott Olson/Getty Images)

pou òganizatè yo ki ap  
planifye aktivite piblik, tankou  
demonstrasyon yo ak mach  
yo. CRS travay ak lapolis  
lokal, planifikatè aktivite yo,  
òganizatè yo nan kominote a,  
ak lòt moun yo ki gen enterè  
pou amelyore kominikasyon  
ant pati yo epi minimize risk  
pou vyolans nan aktivite a.

#### Krim Rayisab yo & Fowòm Pwoteksyon Plas

**Adorasyon yo** CRS fasilite  
sesyon edikasyon mwaye  
jounen kote lapolis, komisè  
yo, ak lòt ekspè yo edike  
kominote yo sou lwa sou krim  
rayisab pou eta ak federal,  
rapò, ak sijè ki gen rapò. Yon  
dezyèm fowòm demi-jounen,  
Pwoteje Kote pou adore,  
konvoke lapolis, lidè yo ki  
baze sou lafwa, ak lòt

ekspè yo pou edike kominote  
yo sou swadizan krim rayisab ki  
sible kay relijye yo.

#### Fowòm konsyantizasyon Kominote pou Lapolis

Nan yon efò pou bati relasyon  
ant lapolis ak divès kominote yo  
sèvi, CRS bay fòmasyon sou  
koutim yo, kilti yo, ak pratik nan  
divès kominote yo. Fòmasyon  
sa yo enkli *Angajman ak Bati  
Patenarya yo ak Ameriken  
Mizilman yo, Patisipe ak Bati  
Patenarya yo ak Ameriken Sikh  
yo, ak Kominote Lapolis ak  
Transjèn nan*. CRS fasilite  
fòmasyon youn ak lòt sa yo nan  
tèt ansanm ak ekspè nan matyè  
lokal yo.

## Sou CRS ▼

Etabli pa Tit X nan Lwa sou Dwa Sivil nan 1964 ak elaji pa Matthew Shepard ak James Byrd, Jr., Lwa 2009 sou Prevansyon Krim Rayisab yo, CRS sèvi kòm "moun ki ap mete Lapè nan Amerika" pou kominote ki ap fè fas ak tansyon oswa konfli ki baze sou diferans ki genyen nan ras, koulè, orijin nasyonalite, sèks, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, relijyon, ak andikap. Sèvis CRS yo vize pou amelyore kapasite kominote lokal yo pou evite ak rezoud konfli nan lavni poukont yo ak nan kolaborasyon atravè itilizasyon teknik pou rezoud pwoblèm, ogmante konesans, ak devlope pi bon kominikasyon.

## Sèvis ak Pwogram CRS yo ▼

CRS bay yon seri pwogram nan kominote yo ki gen tansyon, kòm yon zouti pou kiltive konpreyansyon, amelyore kolaborasyon, ak anpeche dezakò nan lavni. Anplwaye CRS yo se medyatè pwofesyonèl, fasilite, fòmateur, ak konsiltan ki gen eksperyans nan mete manm kominote yo ansanm pou ede amelyore kapasite yo nan rezoud konfli ki deja egziste ak anpeche konfli nan lavni.

## Ki Kote Nou Travay ▼

**Katye Jeneral CRS** 📍  
Washington, DC

**Biwo Rejyonal CRS yo** 📍

**Nouvo Angletè**  
Boston, MA

**Nòdès**  
New York, NY

**Mitan-Atlantik**  
Philadelphia, PA

**Sidès**  
Atlanta, GA

**Mitan Wès**  
Chicago, IL

**Sidwès**  
Dallas, TX

**Santral**  
Kansas City, MO


**Mòn an wòch**  
Denver, CO

**Wès**  
Los Angeles, CA

**Nòdwès**  
Seattle, WA

**Biwo Teren CRS yo** 📍

Miami, FL    Houston, TX  
Detroit, MI    San Francisco, CA



## Jwenn nou, konekte ak nou ▼

[www.justice.gov/crs](http://www.justice.gov/crs)

 [facebook.com/DOJCRS/](https://www.facebook.com/DOJCRS/)

 [@DOJ\\_CRIS](https://twitter.com/DOJ_CRIS)

 [askcrs@usdoj.gov](mailto:askcrs@usdoj.gov)

 202.305.2935

Pou plis enfòmasyon sou pwogram sa oswa lòt sèvis CRS yo, tanpri kontakte biwo lokal CRS ou a:  
<https://www.justice.gov/crs/about-crs/regional-and-field-offices>